

FÈ MANJE LÈ PA GEN KOURAN

Depatman Lasante ak Ijyèn Mantal Maryland lan ap raple rezidan yo ke fè manje aprè ke yon tanpèt fese atè kouran oubyen liy gaz yo kapab yon pwoblèm epi li kapab danjre. Swiv règleman de baz sa yo:

- Chabon oubyen griy gaz yo se chwa sous chalè ki pi evidan pou fè manje. PA JANM ITILIZE YO ANNDAN KAY. Nan fè sa ou riske toufe pa monoksid kabòn epi mete dife ki kapab detwi kay ou an.
- Recho yo ki itilize gazolin oubyen konbistib solid yo ta dwe toujou itilize deyò.
- Ou kapab itilize ti aparèy elektrik yo pou prepare manje si ou gen aksè a yon jeneratris elektrik.
- Nou kapab itilize bwa pou nou fè manje nan plizyè sitiyasyon. Nou kapab fè manje nan yon fwaye si chemine an bon. Pa fè dife nan yon fwaye ke chemine an kraze. Asire w' ke etiv lan ouvè.
- Si w'ap fè manje sou yon recho an bwa, asire w' ke tiyo pwèl la pa andomaje.
- Si ou ta gen pou fè yon dife deyò an, fè li lwen batiman yo, non pa nan garaj lan. Ti etensèl kapab fasilman rive nan plafon an epi mete dife nan kay lan.
- Pa janm itilize gazolin pou fè yon dife avèk bwa oubyen chabon pran.
- Asire w' ke nenpòt ti dife byen metrize. Yon batri metal oubyen wòch yo ozalantou dife an se kèk prekosyon nesèsè. Yon griy chabon bwa se yon bon plas kote nou kapab fè yon dife ak bwa. Asire nou ke nou etènn tout dife yo lè nou fini avèk yo.
- Lè fè manje pa posib, plizyè manje nan bwat konsèv yo bon pou manje frèt.

PLIS ENFÒMASYON

 preparedness.health.maryland.gov

 facebook.com/MarylandOPR

 twitter.com/MarylandOPR

 health.maryland.gov

 facebook.com/MarylandDHMH

 twitter.com/MDHealthDept

The above information is derived from facts developed by Clemson Cooperative Extension.